Ассаламу гІалайкум!

# ЦІумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2023 соналъул 15 декабрь Рузман №51 (7812) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12+

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

Барки

## ХIурматиял районцоял!

Баркула нужеда пачалихъияб байрам-РФялъул Конституциялъул къо!

Россиялъул Конституция ккола нилъер пачалихъ демократияб рахъалъ цебетIеялъе, миллияб цолъиялъе ва жамгIияталъул гьудуллъи щулалъиялде рачунеб нухлъунги кьучIлъунги. Гьеб цIуни буго нилъер аслияб мурад.

Гьарула нужее щулияб сахлъи, хIалтIулъ лъикIал хIасилал, цIунаги щибаб хъизан къварилъи-балагьалдасан.

**Шамил ГIумаров,** районалъул бетIер

## Конституциялъул къо кIодо гьабуна

Араб талат къоялъ, 12 декабралда, Агъвали райадминистрациялъул данделъабазул залалда тIобитIана РФялъул Конституциялъул къоялъул хIурматалда данделъи.




Гьеб рагьана райадминистрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Сиражудиновас. Россиялъул Конституциялъул ва гьелъул тарихалъул бицун кIалъай гьабуна райадминистрациялъул правовияб хIалтIул ва информациялъулал технологиязул отделалъул нухмалъулев Тимур Ибрагьимовас.

Данделъаразда Конституциялъул къо баркун кIалъазе вахъана районалъул депутатазул Собраниялъул председатель МухIамад НурмухIамадов ва районалъул рагъулаб комиссариаталъул отделалъул начальник Шагьрурамазан Махаев.




Байрамалъул рохалилаб асар хисана Украиналда унеб хасаб рагъулаб операциялда къадаралде щварав Хушетиса Ахъбулатов Ражабил эбел Муминат ХIажимурадова цее яхъидал. КIудияб пашманлъиялъул асаргун районалъул депутатазул Собраниялъул председатель МухIамад НурмухIамадовас бахIарчиясул эбелалъухъе кьуна васасе хун хадуб кьураб шапакъат «Орден мужества».

Хадуб букIана грамотабаздалъун ва гIарцулал сайгъатаздалъун жанисел ишазул хIалтIухъаби ва ветеранал кIодо гьари.

Рохалилаб данделъиялъе ахир лъуна районалъул культураялъул управлениялъул хIалтIухъабазул цере рахъиналъ.

**ГIубайдула Малачдибиров**

ВатIаналъул БахIарзазул къо

## БахIарзал ракIалде щвезаруна

9 декабралда улкаялда кIодо гьабуна ВатIаналъул БахIарзазул къо. Гьеб къо кIодо гьабулаан Октябралъул революция ккелалдего. Цебе гьелда абулаан Георгиясул кавалеразул къойилан. Революция бергьун хадуб пачаясул заманалъул тIолго байрмалги шапакъаталги тIагIинаруна. КIудияб ВатIанияб рагъул заманалда, 1943 соналда, тасдикъ гьабуна Рещцалъул орден. Гьелъул цебеккун букIараб даражаги жибго ВатIаналъул БахIарзазул къоги нилъер улкаялда цIигьабуна. ВатIаналъул БахIарзазул къоялда кIодо гьарула Совет Союзалъулги Россиялъулги БахIарзал, Георгиясулги Рещцалъулги орденазул кавалерал.

ВатIаналъул БахIарзазул къоялда бан нилъер районалъул школаздаги тIоритIанан батIи-батIиял тадбирал. 9 декабралда Агъвали Совет Союзалъул БахIарчи Къади Абакаровасул памятникалда цебе тIобитIана байрам кIодо гьабун гьитIинабго данделъи.



Гьениб памятникалда цебе тIугьдузул горал лъуна районалъул депутатазул Собраниялъул председатель МухIамад НурмухIамадовас, райадминистрациялъул бетIерасул заместителал Халилула МухIамадовас ва МухIамад Сиражудиновас, районалъул прокурор Жамал ЖабрагIиловас.

Памятникалда цере тIугьдул лъей рикIкIуна ВатIаналъул БахIарзазул къимат ва хIурмат гьабилъун.

Жакъа нилъер рагъухъабазда цебе лъураб суал буго пачалихъалъул цолъиги, халкъалъул парахалъиги, гьезул ракълилаб гIумруги цIуни. Гьеб мурадгун тIубалеб буго жакъа нилъер гIолохъабаз ВатIанала цебе хъулухъ.

ВатIан бокьи нилъее ирсалъе щвараб буго, гьелде гIун бачIунеб гIел куцай ккола нилъеда цебе чIараб кIвар бугеб суал.

**ТIайпур Юсупов**

## Рагъухъан иргадулаб отпускалда

Украиналда хасаб рагъулаб операция байбихьилелдего контракталда рекъон рагъулаб хъулухъ тIубазе ана Гьигьалъа вацал МухIамад ва ХIайбула МухIамадовал. Рагъулаб операция байбихьарабго байбихьана гьезги гьениб гIахьаллъи гьабизе. Жакъаги кIиявго вац рагъда вуго.

Дагьаб цебе отпускаялъе рокъове вачIун вукIана гьитIиналав ХIайбула. Гьесухъе гьоболлъухъе щварав дида ва дунгун цадахъ рукIаразда бихьана ВатIан цIунизе ХIайбулагьил бугеб таваккал.

Араб соналъ лъукъун вегизе ккана гьев Владикавказалъул госпиталалда, сахлъаравго тIадвуссана часталде.

ХIайбула ккола разведчик. Хасаб рагъулаб тIадкъай тIубалаго бихьизабураб хIинкъи гьечIолъиялъухъ араб соналъ гьев кIодо гьавуна Жуковасул медалалдалъун. Хадурккун гьарурал бахIарчиял ишазе гIоло жив шапакъаталъе вихьизабураб материал рагъулаб ведомствоялде анин бицана гьес.

Бихьиназ цIунизе кколин ВатIанилан абуна ХIайбулал инсуца васазул хIакъалъулъ букIараб гара-чIвариялда. Гьебго пикруялда йиго эбел Сабигатги.



**Сураталда:** ХIайбула эмен МухIамадхангун.

**ГI. Малачдибиров**

Политика

# Бакъбаккул улкабазда Путиние гьоболлъи

**ТIолалго халкъазул мурадал цIунулеб, цоялъ цоялда тIад ханлъи гьабулареб, дунялалдаго ракълилаб гIумру гьабизе рес кьолеб къагIида гIуцIиялда тIад ургъулелги камун гьечIо ахирал соназда. Аслияб куцалда гьеб рахъалде кIвар кьола Россиялъул президент В. Путиница. Гьал къоязда̄йин абуни гьев щвана ГIарабиязул ЦолъарaлЭмиратазде ва СагIудиязул ГIарабиялъул Кьиралльиялде.**

Бакъбаккул улкабазул зодихъ Россиялъул байрахъалъул кьералги гьарун, «истребителаз» гьабулеб тIавап ва нилъер байрахъал гьеб улкаялъул кьватIазда парпадулел рихьидал, разилъизе бачIуна улкаялъул ва гьелъул президентасул СагIудиязул кьираласда ва гьесул халкъалда кIочон батиларо СагIудиязул ГIарабия, пачалихъ хIисабалда, тIоцебе СССРалъ кьабул гьабураблъи ва 1926 соназда гьелъулгун цадахъ рекъон хIалтIи гIуцIилъе кьотIи гьабун букIараблъи. назда бараб бугониги, гьелъие бечед гьабураб ураналъул бащдаб бачIуна Россиялдаса.

Рехсарал улкабазул нухмалъулез В. Путин кьабул гьавиялъ лъалаго рахIат хвезабуна БакътIерхьул улкабазул нухмалъулезул. Гьезул цо-цояз



гьез гьабулеб кьиматалдаса. Гьелъ нугIлъи гьабула дунялалъул халкъазда гьоркьоб Россиялъул кьимат букIиналъе. Сапар пачалихъияб гуреб, гIицIго хIалтIуда хурхараб букIаниги, Путиние гьениб гьабуна унгоунгояб гьоболлъи.

ОАЭялдаса В. Путин ана СагIудиязул ГIарабиялде. Гьенибги Россиялъул нухмалъулесда дандчIвай гьабуна хIурматияв гьоболасда гIадин. США-ялъул ва бакътIерхьул улкабаз лъазарурал санкциязухъ балагьичIого, гьеб улкаялъул нухмалъулез Россиялъул рахъ ккколеб букIин бихьулеб буго.

Гьел улкабазда ккарал дандчIваязда бицана ПалестинаялдагIун ИзрагIилалъул ва Украинаялда бугеб ахIвал-хIалалъул. Гьединго борхана бухьенал жеги щула гьаризе ккеялъул суалги.

Ахирияб соназда чанго нухалда цIикIкIун буго Россиялдаги Бакъбаккул улкабаздаги гьоркьоб бича-хисиялъул цебетIей, хасго машинстроениялда ва фармацевтикаялда. ОАЭ буго гIарабазул улкабазда гьоркьоб атомалъулаб энергиялдаса пайда босулеб пачалихъ. Америкаялъул проекталда рекъон, араб гIасруялъул 70-абилел сo-загьир гьабуна Россиялдехун лъикIаб бербалагьи гьабизе заман щун букIиналъул пикру. Гьезда бичIчIана Россия жибго жиндаго хутIизабизе гьез бахъулеб хIаракаталъул хIасил ккечIолъи.

Жакъа ГIарабиязул Эмиратазулги СагIудиязул ГIарабиялъулги Россиялъулгун руго гIемерал цадахъал, гIаммал ишал. КватIичIого гьел улкаби рукIине руго БРИКСалъул ихтияр бащадал члензабилъунги

**Зикрула Ильясов**
**«ХIакъикъат»** газеталдаса босараб

Нухал ва гIадамал

# Сахавалъиялъухъ баркала

Гьаб ахираб заманалда лъикIаб хIалтIи гьабулеб буго районалда нухазда сверухъ. Нухал къачIай ва лъим бачи гьеб буго Аллагьасул рахъалдасан даража бугеб ва кири кIудияб, нилъ хваниги, жибго хвезегIан кири щолеб, хьвадулеб пайдаяб хIалтIи. Доб гучаб Союз бугеб мехалъ нижер Хьвайни-Кунда хIукуматалъ проектги бахьун, нижедасан гьурущги гьаричIого, бахьана машинадул нух. Доб талихI кьараб 1999 аб. соналъ, ахIичIого рачIарал «гьалбадерица» (боевиказ) нижги рукъзабахъа кьватIире гьун, кквуна нижер росу. Цоял мадугьалихъ ругел росабалъе ун, цоял гIатIиракьалде гочун, гьедин ана анцIго сон.

Ниж тIадруссун рачIиналде, сипат лъаларедухъ ратана нухал, чIунтун ратана минаби. Дирго мукъсанабго пенсияги данде гьабун босана дица цо гьитIинаб хварабго трактор. Цин къачIана дица трактор, хадуб хIалицаго къачIана нухалги. Гьелги цIадал ранщинахъе хола ва чIунтула. Гьеб кинабго чIалгIарал росдал гIолохъаби ана Агьвали кумек гьарун. Жиндир хIал чIахъаяв Агьвалиса Давудов МухIамадзагьидица Лъондодиса Шамсулварал АхIмадил гьарига кьабул гьабун, МухIамадзагьидица битIун бачIана экскаватор. Гьелдаса пайдаги босун, къачIана росулъе нухал. КIвахI гьечIого нухда экскаватор хIалтIизабуна Санкьадаса ХIажимухIамадил вас Шамилица. Гьесда цадахъ хIалтIана росдал гIолохъаби: ХIажимурад ва ХIусейн СагIитбеговал, МухIамад, МухIамадрасул Куратов. Бокьун буго росдал жамагIаталъул рахъалъан баркала загьир гьабизе гьал церехун рехсарал гIолохъабазе, хасго МухIамадзагьид Давудовасе.

Гьанже кинабгIаги къварилъи гьечIо магIарухъ гIумру гьабизе, буго машинадул нухги, токги, лъимги.

Кизилюрталъул базаралда гIанкIудал ханазул багьа щунусго гьурщиде бахун буго. Гьединго кванил нигIматал рукIа, къайи-къоно букIа, кинабго хиралъун буго. МагIарухъ гIачи речIчIун щар чIвай, щвараб жо нахъе босе, хIан, гьан, нах букIила. РачIа, магIарулал, магIарухъе, нужерго пенсиягун пособиеги хутIила чвантиниб. Доб нилъее квал-квал бугеб колхоз-совхозги гьечIо, захIмат кьоялда хадуб сордо бачIулеб.

ТIадвуссун гьарула магIарулазда магIарухъе рачIа, гьаниб лъикI буго.

**ХIажияв СагIитбегов,**
Хьвайни кули

# Эбел

Чанго нухалъ къалам босана кодоб,
Эбелалде цо кечI хьвазе къасдалда.
Щаяли лъаларо, цониги нухалъ,
Гьеб анищ рагIалде кинго бахъинчIо.

Эбелин абураб рагIул борхалъи,
ХIеренлъи, гьайбатлъи, гьелъул недегьлъи.
КагътIида рагьизе кIолареблъи лъан,
Лъезе ккана къалам чанцIулго гIодоб.

Лъималазе гIоло цIадай кIанцIулей,
Ва гьезий рухI кьезе кийго хIадурай,
Гьелъул кверзул хинлъи, ракIалъул квакIи,
КIвеладай рагьизе жакъаги дида.

Вай дир эбелалъул аваданаб ракI,
Кидаго тIамула дир берда цебе.
Гьелъ кьураб гIакълуги малъа - хьваялги,
Къалъараб къо гIадин руго дир нухда.

Дуца кьураб гIакълу ккун чIарав дида,
Кьварилъи бихьичIо дун унеб нухда.
Эбел дий йикIана гIакълудул ралъад,
Гьеб ралъдалъ чвердеялъ мекъи ккечIо дун.

Эбел, мун хванилан божуларо дун,
Щибаб къоялъ дунгун цадахъ йигелъул.
Мекъаб гали дица лъолеб мехалда,
Лъогеян малъулей гIинда шурулей.

Рахьги нахги гIадин халкъалда гьоркьов,
ВукIаян малъана кидаго дуца.
ЧIухIун хьвадугеян дуца абураб,
Дунял бихханиги кIочон теларо.

ГIумруялда жаниб цохIо тушманги,
ГIемерав вугилан малъана дуца.
Азарго гьалмагъги дагьав вукIунин,
Халкъалъулгун дуца гьалмагълъи ккеян.

Эбел, дуца кьурал гIумрудул дарсал,
ГIумруялъго дица рачана цадахъ.
Мун рекIелъа араб заман букIинчIо,
БукIинеги гьечIо чIаго дун вукIун.

Эбел-эмен, дица гьаб дунялалда,
Лъийго налъи течIо, вацIцIадав вуго.
Дун налъулав вуго нужеда цебе,
Кьураб гIумруялъухъ ва куцаялъухъ.

Нагагь нуж рекъечIеб ккун батанани,
Гьарула нужеда тIаса лъугьаян.
Нужей хъулухъ гьабун хадув гьечIев дун,
Гьанже занал сверун вуго хьвадулев.

**МухIамад Коратов,** ТIинди росу

# Махсародул сарин

ГIи-боцIи хирияв ХIанапов ХIажил
Хераб лемаг щвана дий сайгъаталъе.
Гьоркьисаго кьураб къучIаб рагIиялъ,
Кьуризе бакI течIо, байтулманалъе...

Хабалъ бох бортарав, чорхолъ жан дагьав,
Жигарчилъиялде цIана лемагалъ,
АскIов дун гьечIони, кваналеб гьечIо,
Корма кьечIонани, барщулеб буго...

Баркала,ХIажияв, гIи гIемерлъаги,
ГIагарав чиясул чорхолъ жан лъедал,
ГIинзуниб кIочараб зузудиялъул,
Зигардиги хьуйи такрар гьабидал...

Дабаз ккун чIолареб, чIор гIадаб щекIалъ,
ЧIвалеб буго гьумер, дур гьудуласул...
ГьагIдалъ курпаги бан, кечупги тIинкIун,
Кванил лахIзат щвана, щай бальго телеб-!...

Гьанже дун кидаго клиентлъидал,
Херал лемагазе лимит гьабуге,
Цаби-гIусал лъезе ургъулев вуго
Урба, хьабахъги тун, рукьби хьарсизе...

**ГIабдула Зубаиров,** Хуштада росу

# Макъу

Берал рагьаралго, жийго тохтурзабаз сверун ккун ятидал, щибго бичIуларого, хIинкъарай ПатIиматил берал чIахIалъун рачIана.

-Дун гьаний щиб гьабулей? Дие лъугьараб щиб? Дун гьаний кисан ккарай?

-Гьедин ккола цо-цо, хIинкъизе ккараб жо щибниги гьечIо гьаниб. Кинабго лъикI буго, мунги дур гьитIичги лъикI руго, ккараб щибниги гьечIо.- ян абун жаваб кьуна гьелъие тохтурас.

-Кинаб гьитIич? Лъил гьитIич? Дида щибго бичIулеб гьечIо!-ян гIод-гIодун биччан тана ПатIиматица.- Дир эмен кьогIав чи вуго, дица щиб гьабилеб? Дие гьаб кьваригIун гьечIо, дун инсуца чIвала.-ян абун гьей гIодулаго, нуцIихъ рахъун чIун рихьула эбелги эменги.

-Дада! Дида тIаса лъугьа!-ян хIинкъадго гIодун биччан тана ясалъ.

Яс квеш лъугьун, больницаялде ячун ун йигин рагIун рачIарал эбел-эмен, риха-хочун лъугьуна, больницаялъул палаталъуб лъугьа-бахъуна буго гьеб сурат бихьарабго, ва ясалде тIаде вортула эмен:

-Намусги ничги тIагIарай яс, кьваригIун гьечIо дие, щай мун гьаюрайго хвечIей, гьаб кьо дида бихьизегIан? Дур тIокIав эмен гьечIо. ТIагIа дида цееса.- Тохтурас, ясалде тIаде вортула вукIарав эмен нахъеги вачун, палатаялдаса кьватIиве вачана, ва бичIизабулеб букIана гьесда, гьаниб гьединал ишал гьаризе бегьуларебльи.

Нахъеги вусун ясалде ахIдола эмен,- Нич гьечI! Мун росу тун а, дида мун йихьуге ва рагIуге! Дуе тIокIаб рукъ гьечIо! Дун гIадамалъе вахъине бакI течIо дуца.-ян.

Гьедин ясалдеги ахIдон унев инсул хIал кинабха букIинеб? Нус чIвани би баккилароан гьесдаса гьеб параялъ.

ПатIимат жийго хутIана палатаялъул гордухъги яхъун чIун. Гьей ургъулей йикIана, кие иней, щиб гьабилеб, кинан бетIербахъи гьабилеб дица гьитIинаб лъимер кодобги ккун. Тохтурзабаз инкар гьабуна лъимер нахъе гьабизе. Гьединал ана гьелъул больницаялда кьваридал кьоял, хадув щивниги ваккичIого.

Больницаялдаса кьватIиве йиччарай гьей, кIалтIа бугеб гIадамал гIодоб чIолеб бакIида гIодой чIана, пикрабазда йикIадго, лъазего лъачIого маркIачIул мех щун батана.

-Дица щиб гьабун лъикI? Кие иней? Росу тун батIияб рахъ-мухъ дидаги лъаларин. Сундасаго лъикIаб жо дие, гьаб дуниял тезе,-янги абун сверухъмухъалъе ялагьун, мугIрул щобалгун кьо лъикI гьабулей гIадин йикIана ПатIимат.

РоцIцIараб, берцинаб дуниял, хинаб гьороца гьутIбузул щварщвалел тIамхал, ясалъул рекIел гьечIеб хIалхьи, цоялдаса хадур цоял хIабургъарал пикраби, чвахун бецIцIулеб ракI. Щиб гьабилеб…, гьединал пикрабазда йигей ПатIимат рекIеда ятана, хехаб параялда хьамун бачIун, аскIобегIан чIараб машинаялъул гьаркьихъе.

Машинаялъуса кьватIиве лъугьун вачIарав, берцинаб борхатаб лага-черхалъул гIолохъанчиясул бер чIвана гьалда ва абула:

- ГьедигIан берцинай яс, кьаси кьватIий мунго цохIо щиб гьабулей, цадахъ хьаравул гьечIого?-ян абулеб гьесул гьаркьихъе туркIун рекIеда ятарай гьелъухъа борчIун бачIана:

-МухIамад?-абун.

-ПатIимат? Мун? Мун кисан гьаний карай? Щиб ккараб? Щал дур гьанир регун ругел?

-Щивниги гьечIо, дунго йикIана, гьанже хIадурлъулей йиго хвезе ине. Дидаса киназго инкар гьабуна, дие тIокIаб рукъ гьечIо, дица щиб гьабилеб? Дуца гуккана дун.-абун гIодулаго лъавудаса арай ПатIиматги ячун, гьеги кодой ккун уна МухIамад больницаялде жаниве. АхIи бала гьас тохтурзабазде, ва гьезда гьарулеб буго гьай хвасар гьае,- ян.

-Гьаб ахIи-хIур щиб? –ян абун нахъасан вачIуна больницаялъул бетIерав нухмалъулев Наби Расулович, ва вихьула гьитIинав вац,

- Гьай, жакъа гьаница кьватIие йичарай яс йигогури, щиб ккараб гьалъие гьанжеги?-ян ясалъул ботIрода кверви лъола Наби Расуловичас.

-Наби, гьай йиго дой яс, дица дуе гIемер бицарай. Гьай хвасар гьае.

-МухIамад, гьай яс йиго лъимадуе, гьелъие щибго гьечIо, гьелдаса эбел-инсуца инкар гьабуна жакъа, гьелъ йиго гьей квеш лъугьунги, ракI бакъваялъ.

-Наби, гьей дие цIакъ хIажат йиго, кумек гьабе, дир лъимадул эбел йиго гьей. Наби, гьарула,- ян гьесде бадиве валагьизе намусльана МухIамад, жиндихъаго ккараб гьалатIалдаса нечонги ватилаха.

-Дур я? Хъурумсахъ, мунищ гьаб кинабго баллагь - базаралъул бетIер вукIарав? Дуе гIоло ясалдаса инкар гьабуна киназго, -ян абун семана Наби МухIамадида. МухIамадица гIодобе кьулараб бетIер борхизабичIого абуна:

-Дир буго гIайибги, лъимерги дир буго. Дица гьей рехун теларо. Дуда лъалагури Наби, дие лъимер хIажат букIин, кIиго хьизан гьабуниги цонигиялъ дун гьадин вохизавичIо, дун жакъа вохаравги талихIавги вуго. Дица гьей рокъое ячине йиго. Инсухъа изну босизеги ина. Дица ПатIимат цIунизе йиго цIородаса тIегь гIадин. Наби кумек гьабе дие, гьей сах гьайизе,- гьел рагIабиги абун, багIа-бакарлъун, намуслъун лъугьана МухIамад.

Наби Расулович вуго МухIамадил кIудияв вац. Эбел-эменги хун хутIарав, ва гьезул сипат-сурат лъаларев, гьитIинав вацасул жиндирго васасул гIадин тIалабги гьабун, гьедигIан гIезегIан гьев хьихьарав, гьесда ракI унтун вукIуна гьев кидаго. Гьединльидал МухIамад гьесдаса намуслъун вукIуна, живго гIанчIав вугониги, жиндие эбелльиги эменльиги гьабурав кIудияв вацасдаса.

Лъавуде ячIарай ПатIиматида рагIана гьезул хабар ва чвахун бачIана бадисан рохалилаб магIу.

Гьелъул бетIералда жиндирго кIудияб кверги лъун, МухIамадица абула ПатIиматида:

-Баркала дуе хирияй, дуца жакъа вохизавурав дун, цойги гьалдасаги ворхалъана. Дица мун киего йиччаларо, дие мунги гьитIичги кьваригIун руго.-ян.

Набица гьитIинав вац МухIамадие ПатIимат гьаризе ва лъадиялъун гьайизе, инсухъа пурман босизе росдал жамагIаталъул кIудиял чагIиги ритIун, разилъи босана, амма жиндир бералда яс йихьуге, живги цIехон жиндир кIалтIе яккуге янги лъазабуна.

Гьедин рохалида ана МухIамадил ичIабго моцI, кидадай жинда лъимадул гьумер бихьила ян абун. Амма ПатIиматил моцIал гIодилаго, кьваридго ана, вихьуларел эменги, сундуего ургъел чучизе аскIой гьечIей эбелги. Эбелни йихьизе йикIун ятила, инсукьа хIинкъун чIун йикIин гурони.

…Гьале жакъа МухIамад больницаялъул кьалтIа довегьаниве хьвадулев, цо бакIалда чIезе кIоларого, кидадай хабар рагIина ян абун.

Нахъ валагьарав гьасда йихьула медсестра екерун ячIуней:

-Баркула МухIамад, дуе кIигоял гьаруна, васги ясги!

-Кин гьеб, кIигоял?

-Уха, кIигоял.

-ВахI, кIигоял? ЦогIаги гьечIого, хьул бусарав дир, цадахъго кIигоял-янги абун, гIемер вохарав вохиялъ, гьес рохел бицине ячIарай медсестра кодоеги йосун сверизаюн кодоса йичалей йикIинчIо.

-Дуца гьабулеб щиб? Дун йичай ракьалде! -ян ахIулеб медсестраялъул гьаркьихъе рекIеда ватун, гIодой лъун гьейгун цIехола МухIамадица:

-Мун дояйищ йикIарай? Дир ПатIимат кин йигей? Дир лъимал?-янги абун бетIерги ккун вохуца холев МухIамад, гIодове вусинавуна кIудияв вацас Набица.

-Ле вас, гьаб ахIи-хIур щиб дур? Мун гурев чигойищ сверухъ гьечIев, яги дуе гуронийищ лъимал гьарун гьечIел?-ян, гьитIинав вацасул кIигьежалда кверги лъун абуна Набица. Гьесул махсаро бичIарав МухIамад, хурхана вацасда ва жиндирго рохел загьир гьабуна рохалилаб магIуялъ.

-Дун вичаларищ гьезда бер чIвазе?

-Щай вичаларев? Вилъая, дур лъимал дуда гурони лъидаха рихьизе кколел?

-Наби, дир хирияв вац, мун дида тIаса лъугьа, дун намус тIагIун кIалъайдал. Дида вохиялъ щибго лъалеб гьечIо. Мун дие эменлъиги эбелльиги гьабурав, дида эменги эбелги гьечIеблъи лъазе течIев, дуе гурони дица гьеб лъие загьир гьабилеб, дирго рохел?

-Дида мун вичIула, рильа.-янги абун кIиявго вац больницаялъул рокъоре унаро, дандчIвала ясалъул эбели, магIарухъ гIадаталда гьечIониги больницаялъул кIалтIе вачIарав эменги. Гьезги баркула рохел цоцазда рохел ва баракат.

Жакъа МухIамадил рекIелъ бугеб рохалил бицун хIат гьечIо. КIиго ригьнадаса ватIалъана МухIамад лъимер бижинчIого. Гьелъ цинги ракI бусарав гьев жакъа кIудияб рохалида вуго. МухIамад вуго, гьитIинго эбе-эменги авариялде ккун, гьезул недегьаб рокьиялдаса махIрумлъарав, кIудияв вац Набица жиндирго вас гIадин хьихьарав гьитIинав вац. ЦIакъго цоцазе хирияв кIиявго вац, сундулъго цоцазе хIажатал руго. Байбихьи кьваридаб букIаниги, ахир рохалилаб бачIана ПатIиматие.

**Рукъият ГIалисултанова**

## Пайдаял малъа-хъваял

# ЧIалкIутIан сундуе даруяб бугеб

Халкъияб медицинаялда багIараб чIалкIутIаналъул гIен гIатIидго хIалтIизабула рак унти сах гьабиялъе. Гьелъул хакъалъулъ некIо заманалдаго лъалаан Грециялъул тохтурзабазда. Унтаразе гьеб кьолаан хачан. Гьедин кванaзе кIолеб гьечIони, кьолаан чIалкIутIаналъул гIен, сордо-кьоялъе 300 мл.

Лъабго анкьалъ гьекъани, унтаразул цIа-кан гIодобе ккола, чорхол хIал лъикIлъула, ругъун дагь дагьккун гьитIинлъула. БагIараб чIалкIутIаналда гьорлъ рукIуна рак унтиялда данде чIолел жал. Гьелъ чорхое кинабгIаги зарал гьабуларо. Даруял жал рукIуна чIакIултIаналъул багIараб «релъеналда» гьорлъ. Чанго сагIаталъ гьализабиялъги гьезул кьуват чучуларо. ЧIалкIутIаналъ асар гьабула гьеб кваналеб яги гьелъул гIен гьекъолебгIан мехалда.

Гьеб хIалтIизаби чIезе тани, 1-3 моцIидасан гьелъул асар тагIуна. Жиб-жиб онкологияб унтуе чIалкIутIаналъ гьабулеб асар батIи-батIияб букIуна. Цоязе данде ккола хачараб чIакIултIан, цогидазе гьелъул гIен. Амма, гIемерисезе гьелъ мадар гьабула щибаб кьоялъ хIалтIизабуни.

Цо-цо унтарал рукIуна щибаб кьоялъ чIалкIутIаналъул гIен гьекъон бажаруларого. Амма нихадул каршгун, хренгун, бетарахьгун жубазабуни, гьеб лъикI билълъуна.

ХIакъикъаталдаги багIараб чIалкIутIан кваназе яги гьелъул сок гьекъезе цо-цоязе захIмалъула. Гьединаз хIалтIизаризе бегьула чIалкIутIаналъул экстрат гьорлъ бугел таблеткаби. Гьезул кьуват гIатIгояб чIалкIутIаналъул яги гIеналъулго гIадаб букIуна. Гьез захIматго унтаразулгицин унти бигьа гьабула ва гIумру халалъизабула, кваназе гьира базабула. ГIемерисел унтараз чорхол хIал лъикIлъигун чIалкIутIан кванай толеб буго. Гьедин гьабизе бегьуларо.

**ЧIалкIутIаналъул гIен (сок) гьекъолеб къагIида:**

1. ГIен гьекъезе ккола хинго, кваналелде 15 минуталъ цебе. Гьелда хадубцунго бокьараб батIияб гIен гьекъезеги бегьула яги кванала чIегIераб ролъул чед, помидор, хьапустIан.

2.Сордо-кьоялъ гьекъола гIеналъул 600 мл. Гьеб 5-6 бутIаялдеги бикьун кьойида жаниб чанго нухалда гьекъола, цо бутIа гьекъезе ккола сардилъ сагIат 3-4-ялда.

3.Бахъараб гIен цо-кIиго сагIаталъ холодильникалъуб лъун тола. Шайгурелъул, гьанжего-гьанже бахъараб гIеналда гьорлъ рукIуна гIодоб лъун тани тIагIунел, черх загIип гьабулел жал. Бахъараб параялъго гьекъани, гIеналъ ракI багьаризе, лагIизе гьарула, рухI тIагIинабула, циндаго бидул тIадецуй, рекIел кьаби гIодобе ккезабула.

4.Чанго сагIаталъ холодильникалъуб лъураб, дагьабго цIороpаб гIен гьекъезе бигьаяб букIуна.

5.ГIен гьекъолеб мехалда кваназе ккола тIадагьаб квен. ЛъикIаб буго радалги кьасиги бельараб чIалкIутIаналъул 20 грамм кваназеги.

**ЧIалкIутIаналъул квас - бидул тIадецуялде (давлениялде) данде дару**

ЧIалкIутIан бацIцIе ва цIакъго чIаха гьабичIого буссе. Банкаялъубги лъун тIаде цIезегIан гьалараб хинаб лъим тIе. ТIаде дагьабго гIечул кьанцIа тIе яги лимоналъул кислотаялъул чанго кьатIра тIинкIе. КIалги ххамица бухьун 3-5 кьоялъ гIодоб те. Гьеле квас.

Гьеб гьекъе ва кигIан гьекъаниги, гьедигIан лъимги тIаде тIе, гьелъул кьерги тIагIамги лъугьизегIан. Квасалъул стаканалъубе жубала 1 чайдул гьуд гьацIулги.

Ахбазаналда гьорлъ буго гIемераб калий. ЛъикIаб буго жибго гьеб кваназеги, зама-заманалдасан гьелъул сок гьекъезеги, амма гьеб бегьуларо чакрил унти (диабет) бугезе.

* * *

Апельсинал кваназе лъикIал руго ракI унтидалги артеросклероз бугониги.

* * *

БагIараб смородина лъикIаб буго рекIелгун бидурихьазул гIуцIиялъулъ жагьаллъи ккун бугони, щукIдул цIунулезе, гьединго тIомол унтаби, ревматизм, экзема, чакрил ва кIваpщумухъалъул унтаби ругезе.

* * *

БагIаркарул тIугьдузул 20 гр. 200 мл. гьалараб лъълъелъ бащдаб сагIаталъ тела. Хадуб цо-цо кванил гьуд гьекъела кьойида жаниб 3 нухалъ хIалцен, грипп, ангина, хьастIу, нихьал (угри) ругез.

* * *

Бакъвараб курак ва кишмиш пайдаял руго рекIее ва гIадалнахуе. Ракъвазарурал гьел нигIматал бечедал руго калиялдалъун ва микроэлементаздалъун. Гьединлъидал гьез ракI ва бидурихьал лъикI хIалтIизарула.

* * *

Баклажан лъикIаб буго диабет, атеросклероз, гепатит, кванирукьалъуб ругъун бугезе, ургьисалаби загIипазе ва хIалакълъизе бокьаразе.

**«Халкъияб тохтурлъиялъул хазина»** абулеб тIехьалдаса босараб

## Социальный фонд

# Доходы от подработки подростков не будут учитываться при назначении единого пособия

Подписано Постановление Правительства, которым скорректированы правила назначения единого пособия.

Теперь при назначении единого пособия не будут учитываться подработки несовершеннолетних, проценты по счетам опекаемого ребенка, а также выплаты, полученные при присвоении звания «Мать-героиня» и при награждении орденом и медалью ордена «Родительская слава».

Также меняются правила назначения пособия самозанятым. Они затронут тех граждан, для кого самозанятость - единственный источник заработка при условии, что они не имеют объективных причин для отсутствия трудовых доходов. Так пособие будет назначаться только в том случае, если годовой доход от самозанятости превышает 2 МРОТ при регулярном заработке. Это правило не касается тех, кто уже имеет постоянную работу и использует самозанятость как дополнительный источник дохода. Также минимальные требования к размеру годового дохода от самозанятости не касаются граждан, у которых есть объективные причины для отсутствия трудового дохода по действующему «правилу нулевого дохода» (по правилу нулевого дохода пособие назначается, если у взрослых членов семьи в расчетном периоде был заработок, или если в течение 10 месяцев из расчетного периода для отсутствия заработка были объективные причины).

Кроме того, изменения коснутся учета при назначении пособия суммы алиментов.

Если при разводе алименты установлены судом, то они будут учитываться по объему фактически поступивших средств. Эти данные заявитель может указать самостоятельно, если исполнительное производство по решению суда не возбуждено. Если решение суда было передано в службу судебных приставов, то Социальный фонд получит эти данные у ФССП России без истребования сведений с заявителя.

Если алименты установлены на основании соглашения или устной договоренности между родителями, то при расчете среднедушевого дохода будет учитываться сумма, указанная в заявлении, но не меньше предусмотренных Семейным кодексом минимальных гарантий, применяемых к минимальному размеру оплаты труда. Это четверть МРОТ на одного ребенка, треть МРОТ на двоих детей и половина МРОТ на трех и более детей.

Новые правила учета алиментов вступят в силу через 6 месяцев после публикации постановления.

Напомним, что с 1 января 2023 года Единое пособие назначается семьям с детьми и беременным женщинам с доходом ниже прожиточного минимума с применением комплексной оценки нуждаемости. Размер пособия на каждого ребенка в возрасте до 17 лет составляет 50, 75 или 100% регионального прожиточного минимума на детей или регионального прожиточного минимума трудоспособного гражданина, если пособие назначается беременным женщинам. С начала года пособие назначено родителям порядка 10,3 млн. детей и 360 тыс. беременных женщин.

При назначении пособия учитываются имущественная обеспеченность семьи и занятость родителя. Пособие назначается в том случае, если взрослые члены семьи имеют заработок или объективные причины для его отсутствия.

**Абдусалам Гусейнов**

## Медстрахование

# Информационное сопровождение застрахованных лиц

Страховая медицинская организация осуществляет информационное сопровождение застрахованных лиц на всех этапах оказания им медицинской помощи и обеспечивает информирование застрахованных лиц и их законных представителей:

1) медицинских организациях, осуществляющих деятельность в сфере обязательного медицинского страхования на территории субъекта Российской Федерации, режиме их работы;

2) праве выбора (замены) и порядке выбора (замены) страховой медицинской организации, медицинской организации и врача;

3) порядке получения полиса;

4) видах, качестве и об условиях предоставления медицинской помощи в рамках базовой и территориальной программ;

5) прохождении, в том числе в вечерние часы и в субботу, профилактических медицинских осмотров, диспансеризации, в том числе для выявления болезней системы кровообращения и онкологических заболеваний, формирующих основные причины смерти населения, а также о возможности дистанционной записи на медицинские исследования;

6) прохождении диспансерного наблюдения застрахованными лицами, включенными в группы диспансерного наблюдения при наличии оснований согласно порядкам и срокам проведения диспансерного наблюдения, установленными уполномоченным федеральным органом исполнительной власти в сфере охраны здоровья, в том числе онкологическими больными;

7) перечне оказанных медицинских услуг и их стоимости (на основании принятых от медицинских организаций реестров счетов за оказанную медицинскую помощь);

8) выявленных нарушениях по результатам проведенного контроля объемов, сроков, качества и условий предоставления медицинской помощи застрахованным лицам (по обращениям застрахованных лиц).

Застрахованное лицо имеет возможность получить доступ к сведениям об обращениях за получением медицинской помощи в личном кабинете Единого портала государственных и муниципальных услуг (функций).

При выдаче направления на госпитализацию в плановом порядке лечащий врач обязан информировать застрахованное лицо или его законного представителя о медицинских организациях, участвующих в реализации территориальной программы, в которых возможно оказание специализированной медицинской помощи с учетом сроков ожидания указанного вида медицинской помощи, установленных территориальной программой. На основании указанной информации застрахованное лицо или его законный представитель осуществляет выбор медицинской организации для оказания ему специализированной медицинской помощи.

Страховая медицинская организация обеспечивает контроль за соблюдением прав застрахованных лиц, в том числе с онкологическими заболеваниями, на оказание медицинской помощи в соответствии с порядками оказания медицинской помощи, на основе клинических рекомендаций и с учетом стандартов медицинской помощи, в том числе своевременность проведения диагностических исследований и лечебных мероприятий.

Страховая медицинская организация осуществляет досудебную защиту прав застрахованного лица.

**А. Шапиев,** главный специалист-эксперт Ботлихского филиала ТФОМС РД

## Эркенаб гугари

# Зонаялда ункъо чемпион

8-9 декабралда Леваши тIобитIана 2009-2010 соназ гьарурал гIолилазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул рахъалъ зоналиял къецал.



Гьениб гIахьаллъараб нилъер районалъул командаялъе щвана ункъо тIоцебесеб, щуго кIиабилеб ва цо лъабабилеб бакIал.

Къецалъулъ тIоцебесеб бакI ккуна МухIамадтIагьир ХIажиевас (35кг.), Расул МухIамадовас (38 кг.), Нажмудин Абакаровас (48 кг.)ва Саидафанди Абакаровас (52кг.).

КIиабилеб бакIалде ккана Халид ГIубайдулаев (35кг.), ХIамзат МухIамадов (38 кг.), Тупадибир ГIалибахIарчиев (41 кг.), МугIаз ХIамзатов ( 62кг.), Дибир МухIамадов (85 кг.).

57 кг. цIайиялда МуртазагIалиев ГIабдулае щвана лъабабилеб бакI.

Бергьарал ва призерал гIахьаллъизе руго 22 январалда Хасавюрталда тIобитIизесеб республикаялъулаб турниралда.

**Шамил Сажидов**

## Шахматал

# ЦIалдохъабазда гьоркьор къецал

7 декабралда Агъвали тIобитIана Украиналда унеб хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIазул хIурматалда районалъул цIалдохъабазда гьоркьоб шахматазул турнир. Гьенир гIахьаллъана Агъвали, ТIинди, Хуштада, ТIиссиахикь, ТIисси ва ТIадгъаквари школазул командаби.

Къецал тIоритIана гIисиназда ва чIахIиязда гьоркьор батIабатIаго. ГIисинал васазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI ккуна ХIажиев Ибрагьимица (Хуштада), кIиабилеб бакI - МухIамадов ГIабдулаца (ТIинди), лъабабилеб бакIалде ккана Агъвали гимназиялъул цIалдохъан ИсмагIил ГIисаев.

Ясалазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI ккуна ТIинди школалъул цIалдохъан Самира ХIусейновалъ, кIиабилеб бакI - ГIайша ГIабдулбасировалъ (Агъвали), лъабабилеб бакI щвана Шумайсат ХIажимухIамадовалъе (Хуштада).

ЧIахIиял васазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI ккуна МухIамадрасул АхIмаднабиевас (Хуштада), кIиабилеб бакI - МухIамад Мусаевас (Агъвали), лъабабилеб бакIалде ккана МухIамад МухIамадов (ТIинди).

ЧIахIиял ясалазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI ккуна ГIайшат ХIажиевалъ (Хуштада), кIиабилеб бакI - Ясмина МухIамадовалъ (Агъвали), лъабабилеб бакI щвана Фатима АсхIабовалъе. (ТIиссиахикь).

Командаялъулаб тIоцебесеб бакI щвана Хуштада школалъе, кIиабилеб бакI - Агъвали гимназиялъе, лъабабилеб бакIалде ккана ТIинди школа.

Бергьаразе кьуна рекъон кколел даражаялъул дипломал ва гIарцул сайгъатал.

**ПатIимат МуртазагIалиева**

БетIерав редактор МалачдибировГIубайдула СагIадулаевич 2-52-44

Жавабияв секретарь 2-52-92

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, Цумада район, Кьенгьара росу, Заводалъул къватI, 4

«Цумадисезул гьаракь» газета гIуцIарал: Дагъистан Республикаялъул «Цумада район» муниципалияб районалъул администрация (ОГРН 1020500562697)

Газета къватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, 1 «А»

Тираж - 1295
Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагIалие) 63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул бальгоlьи гьорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ05-00434 от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты GoIostsumady@maII.ru